




Enfeksyon Tibèkiloz Latant

Jwenn enfòmasyon
sou tès ak tretman

Jèm tibèkiloz (tuberculosis,TB) ka lakòz yon maladi ki menase lavi. Erezman, anpil moun ki gen **enfeksyon tibèkiloz** ka trete anvan yo malad.

- **Jwenn enfòmasyon** sou **enfeksyon tibèkiloz**.
- **Fè tès** si w gen risk.
- **Jwenn tretman** si w gen **enfeksyon tibèkiloz**.



Jwenn enfòmasyon

Enfeksyon tibèkiloz rive akoz yon kalite bakteri ki rele Mycobacterium tuberculosis. Yon moun ki santi yo byen kapab toujou gen yon enfeksyon tibèkiloz. Pwofesyonèl swen sante yo rele sa enfeksyon **tibèkiloz latant**. Latant vle di inaktif.

- Enfeksyon an ka rete nan kò ou pou anpil tan. Li ka evantyèlman fè ou malad anpil.
- Si w vin malad ak enfeksyon an, yo rele sa **maladi tibèkiloz aktif**.
- Lè w pran medikaman kont enfeksyon tibèkiloz sa ka pwoteje w kont **maladi tibèkiloz aktif**.
- **Maladi tibèkiloz aktif** se yon maladi grav epi moun ka mouri akoz li si yo pa trete l.

Ou pa kapab pwopaje **enfeksyon tibèkiloz latant** bay lòt moun. Men, si ou vin malad ak **maladi tibèkiloz aktif**, ou ka fè lòt moun malad tou. Ou ka pwopaje **maladi tibèkiloz aktif** lè w jis tousé oswa pale.


Tibèkiloz Latant

(pa malad)




Tibèkiloz aktif

(malad epi li ka pwopaje bay lòt moun)




Tibèkiloz Latant

(pa malad)



Tretman an



Jwenn enfòmasyon

Kijan enfeksyon tibèkiloz latant sanble?

Enfeksyon tibèkiloz latant pa lakòz okenn sentòm, kidonk li pa sanble ak anyen. Sèl fason pou w sèten se pou w fè yon tès tibèkiloz.

Kijan maladi tibèkiloz aktif sanble?

Moun ki gen maladi tibèkiloz aktif ka:

- Gen yon tous ki pa ale
- Gen yon gwo lafyèv
- Swe lannwit
- Gen ekstrèm fatig
- Pèdi pwa

Kijan mwen kapab pwoteje tèt mwen ak fanmi m? Al fè tès epi swiv tretman.

Yon Istwa Sou Enfeksyon Tibèkiloz Latant

“Kèk ane desa, mwen te resevwa yon tès san tibèkiloz ki pozitif. Doktè mwen te di m mwen te gen yon **enfeksyon tibèkiloz latant**. Mwen te santi m byen, kidonk mwen pa t pran medikaman li te ban mwen an. Mwa pase a, mwen te vin malad anpil ak yon lafyèv ak tous. Kounye a mwen gen **maladi tibèkiloz aktif**. Mwen dwe pran anpil medikaman kounye a. Mwen ka fè lòt moun malad tou. Sa pa t ap rive si mwen te pran medikaman mwen pi bonè lè mwen te vin konnen mwen te gen yon **enfeksyon tibèkiloz**.”

Fè Tès

Kijan m ap konnen si mwen gen yon enfeksyon tibèkiloz? Sèl fason pou konnen se pou w fè tès la.

Fè tès la si w reponn wi pou nenpòt nan kesyon sa yo:

- Èske w te viv oswa te pase tan ak nenpòt moun ki te gen oswa ki te ka gen **maladi tibèkiloz aktif?**
- Èske w ap viv ak VIH, dyabèt, kansè oswa yon lòt kondisyon ki ka febli sistèm iminitè w?
- Èske w ap pran nenpòt medikaman ki afebli sistèm iminitè ou?
- Èske w te fèt, èske w te vwayaje oswa ou te viv nan (pou plis pase 30 joudafile), yon zòn ki gen apil ka tibèkiloz, tankou Lafrik, Azi, Meksik, Amerik Santral oswa di Sid, Karayib la, oswa Ewòp lès?

Mande pwofesyonèl swen sante w la pou yon tès san pou enfeksyon tibèkiloz.

Yon Istwa Sou Enfeksyon Tibèkiloz Latant

“Mwen soti nan yon peyi kote anpil moun gen tibèkiloz. Doktè m te ban m yon tès san. Tès la te pozitif. Menmsi mwen pa t santi m malad, mwen te kontan konnen. M ap resevwa tretman pou **enfeksyon tibèkiloz latant** mwen pou m pa vin malad ak **maladi tibèkiloz aktif**.”

Jwenn Tretman

Mwen aprann mwen gen yon enfeksyon tibèkiloz latant. Ki sa pou m fè kounye a?

Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou sou ki tretman ou ta dwe genyen. Gen plizyè opsyon tretman ki disponib. Tretman pou yon enfeksyon tibèkiloz latant ede pwoteje w kont maladi tibèkiloz aktif, ke ou ka pwopaje bay lòt moun.

Lè w trete sa pral pwoteje ou menm ak moun ou renmen yo.

Yon Istwa Sou Enfeksyon Tibèkiloz Latant

“Mwen te panse tretman **enfeksyon tibèkiloz latant** mwen ta pral pran anpil tan. Doktè mwen an te pale m de yon nouvo tretman ki pi kout. Li te pran sèlman twa mwa. Mwen te oblige pran medikaman sèlman yon fwa chak semèn. Kounye a ke mwen fini, mwen pa enkyete ke mwen pral devlope **maladi tibèkiloz aktif** epi simaye li bay fanmi mwen.”

Resous yo

- NYC Health Map (Kat Jewografik Sante NYC):
nyc.gov/health/map
 - Chest Centers (Sant Toraksik) Depatman Sante NYC yobay evalyasyon ak tretman gratis pou tibèkiloz nan lang ou. Yo pa mande kesyon sou estati imigrasyon ou.
 - Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) Istwa pèsonèl tibèkiloz: cdc.gov/tb/topic/basics/personalstories.htm
 - We Are TB rezo sipò pasyan: wearetb.com

Fè tès epi jwenn tretman pou pwoteje tèt ouak moun ou renmen yo.

Pou plis enfòmasyon, pale ak pwofesyonèl swen sante ou oswa vizite nyc.gov/health/tb.